

GADYEN LIBÈTE

American Civil Liberties Union

Inyon Ameriken pou libète sivil, ACLU, se chin gadyen libète kap travay chak jou nan tribinal, nan cham depite, nan kongrè e nan kominote yo pou defann ak prezève dwa ak garanti libète tout moun nan peyi isit anba banyè konstitisyon ak lwa peyi Etazini. ACLU pa janm pran pozisyon elektoral - liberal ou konsèvatè, Repibliken ou Demokrat, dwat ou gòch. Preske tout klyan nou yo se moun ódinè ki soufri injistis epi ki deside goumen pou dwa yo.

Menm si Etazini se yon peyi ki lib, men yo toujou abize dwa ke konstitisyon an bay moun. Pa egzamp, yo gen dwa pa kite yon moun ki enfim ale lekò nan yon Inivèsite, malgre ke li ta gradye nan elèv ki pi fó nan klas la nan high school. Ti moun ki rete nan katye pòv lavil la pa jwen menm avantaj ke lekòl piblik ofri a lót ti moun ki rete nan katye rich yo. Yon anplwaye leta revoke paske li "revolte" pou yon anbians koronpi ak danjere li wè kote lap travay la. Yo retire yon liv nan libreri yon lekòl leta paske sak ladan-l pa tonbe dakò ak kèk lót moun. San konkou ACLU ki pa chaje sink kób pou sèvis li, violasyon libète sivil sa yo tap rete san rezoud epi sosyete nou an pa tap lib.

Depi ke li fonde nan lane 1920, ACLU se yon óganizasyon ki bay sèvis gratis san patizan, pran nesans nan yon chanm kay plin aktivis ki sipòte libète sivil ki kounye-a vin yon gwo ógazinizasyon ak preske gen 300,000 manm. ak sipòtè. Li gen biwo nan preske nan chak Eta peyi Etazini. Travay li pou defann ak proteje dwa ak libète tout moun fè ACLU vin devni yon gwo kabinè avoka.

System gouvènman Ameriken an fonde sou de (2) prinsip: premye prinsip la se pou majorite moun gouvène a travè moun ke yo eli demokratikman; dezyèmman, pouvwa menm si se de yon majorite demokratik dwe limite pou fè si ke tout moun gen dwa yo. Pi gwo pouvwa limite pa Deklarasyon Dwa de Konstitisyon an, ki gen ladan amandman original la ki te ratifye le 1791, anplis twa amandman de avan la gè (trezièm, katòzièm, e kinzièm) e diznevnyèm Amandman (vwa fanm yo), ke yo te adopte nan lane 1920. Misyon ACLU se pou prezève pou chak nouvèl generasyon tout proteksyon ak garanti sa yo.

KI SA DEKLARASYON DWA GARANTI

Dwa Premye Amandman: Dwa pou di sa-w panse, fè asosyasyon, e reyinyon, libète de relijion-sipote - espesyalman separasyon legliz ak leta.

Dwa pou tout lwa yo gen menm proteksyon: Dwa-w pou gen menm tretman konsènan ras, sex, relijion ou orijin nasyonal.

Dwa ke lwa se pou tout moun: Dwa pou gouvènman trete tout moun menm jan menm lè ou prèske pèdi libète-w ak byen-w.

Dwa Prive: Dwa-w pou lib de tout invasyon san rezon ke gouvènman ka fè sou ou ak sou byen-w.

Fè proteksyon libète sivil vin pi gran: ACLU travay tou pou fè dwa kèk moun nan popilasyon-an ki avan pat janm jwi de dwa yo vin jwi-l, nan moun sa yo gen Ameriken ki fèt isit, e lót minorite rasyal, madivinèz,

pederas, gason, fanm, malad mantal, prizonye, moun ki enfim e tout lót moun. Si yo refize bay moun ki pi piti nan sosyete-ya dwa yo, dwa tout moun an danje .

YON TI KOUT PIE NAN LISTWA

Nan lane 1920, lè Roger Baldwin, Crystal Eastman, Albert De Silver e anpil lót te kree ACLU, mo libète pat vle di anpil bagay. Aktivis tap pouri nan prizon paske yo tap distribwe trak kont la gè. Moun ki fèt nan lót peyi pa te kapab gen opinion politik ki konplètman diferan de Ameriken sinon yo tap chache depòte yo. Separasyon rasyal se te lwa sou tè-a epi tout Eta yo te toujou ap sipòte violans ki te konn fèt kont Afriken-Ameriken yo. Tout institisyon yo te konn fè diskriminasyon kont ki sèks yon moun te ye. Pou pi presiz, se sèlman nan mwa Out 1920 ke fanm te gen dwa vote. Moun pat ka menm panse de dwa nan konstitisyon pou madivinèz ak gason makomè. En plis de sa, Kou Siprèm peyi Etazini pat ko menm bay dizon-l sou fason moun te ka di sa yo vle jan Premie Amandman mande-l la.

ACLU, se premie biwo óganizasyon avoka ki ak kalite espesyal li, pran an chaj pou kómanse fè mete an pratik mo sa yo ki ekri nan deklarasyon de dwa.

Kèlke Gran bagay ACLU akonpli:

1920: Attak Palmer Nan premie ane li, ACLU gounmen kont kanpay ke avoka en chèf peyi Etazini an, A Mitchell Palmer ki tap mande pou pèsekite ak depòte tout imigran ki tap fòre bouch yo nan zafè politik, ki tap sipote dwa manm travayè faktori nan le monn antye e lót travayè sindika pou yo óganize ak fè reinyon, fè lage konbyin mil aktivis ki te nan prizon pou jan yo te bay opinion yo sou la gè ya.

1925: Ka Scopes Lè yo te chaje yon profesè biology, John T. Scopes, ke li te viole yon lwa nan peyi Tennnssee ki di ke li pat gen dwa anseye evolisyon, ACLU pran sèvis Clarence Darrow pou defann li. Scopes te koupab epi li ta peye yon kantite lajan. Men, ACLU ale nan kou dapèl avèk lwa konstitisyon an - li fè chanje desizyon an epi Scope te lib.

1933: Ka Ulysse Apre ke ACLU fin sipòte yon long batay, yon tribinal federal nan New York leve you intèdiksyon ke U.S. customs te mete sou yon liv ke James Joyce te ekri ki rele "Ulysses, in the United States."

1939: "Boss" Hague ACLU goumen ak siksè devan la Kou Siprèm pou restriksyon pou óganizatè sendika fè reyinyon politik ke magistra Jersey City-a, Frank "Mwen se lwa" Hague, pat fè pati de konstitisyon an. Tribinal deside ke restriksyon sa-a te viole libete pou moun rassemble ke Dwa Premie Amandman bay.

1942: Japonè Ameriken ACLU, espesyalman nan pati Wès Etazini, anplwaye ACLU nan zón sa te kanpe preske pou kont yo pou yo te denonse injistis ki tap fèt kont 110,000 Japonè Ameriken pou genbe e fèmen yo nan kan. ACLU te rele episód trajik sa-a ki te rive apre Pearl Harbor a "Pi move violasyon dwa sivil sitwayen Ameriken nan istwa peyi Etazini-an te sibi." Nan lane

1993, Congrè peyi Etazini te ofisyèlman fè eskiz pou aksyon sa.

1950 Sèman pou fidelite Pou preske plis ke 10 zan, ACLU ap kouri pasi pala pou goumen nan tribinal kont Sèman fidelite, ke gouvènman, sezi pa la fièv ke Gè Fwad la te bay li, tap mande emplwaye federal pou fè. Anpil Eta te pase lwa ki ekzije profesè lekòl piblik yo, espesyalman, jire ke yo pat manm yon pati kominis oubyen okenn lòt òganizasyon de grenn gòch.

1954: Desegregasyon Rasyal ACLU vin pote konkou li a batay legal ki te kòmanse kèk ane avan epi kap kontinye pi lwen ke anpil viktwa ki te gentan selebre. Le 17 Me, desizyon ke la Kou Siprèm te pran nan desizyon, Brown kont Depatman Edikasyon, te deklare ke lekòl yo kap fè diskriminasyon rasyal t-ap viole katòzièm Amandman.

1960: Mouvmant Dwa Sivil Kòmanse depi premye chita nan yo ba pou bwè jiska gro manifestasyon ki te konn fèt pou libète, ACLU te toujou sipòte lit mouvman rasyal la pou jistis ak menm opòtinite, e baze sou dwa Premye Amandman chwa pou moun sa yo fè manifestasyon an pè avèk sèl entansyon pou defann dwa yo.

1973: Avòtman vin pa yon Krim Ankò Nan *Roe v. Wade* and *Doe v. Bolton*, Kou Siprèm nan te deklare ke Konstitisyon an pran tròp dwa nan zafè you fanm deside si li vle kenbe yon pitit ou non lè li ansent. ACLU te kanpe la pou pwoteje dwa fanm yo pou chwazi fè avòtman si yo vle, oubyen pou garanti egalite pou tout fanm.

1981: Kreyasyon nan Arkansas ACLU, 56 zan apre *Scopes*, te konfronte yon lwa nan Arkansas ki mande pou istwa sou la kreyasyon an ta ansesye nan lekòl kou yon shwa syantifik an konparezon a teori evolusyon an. Yon tribinal Federal te jwen lwa sa, ke moun ki te ekri konstitisyon an te wè kou yon modèl pou tou lòt Eta yo, pat nan konstitisyon an. "Kreyasyon Syans" tribinal la te di pa youn syans, men se te pito yon relijyon e, konsa yon Eta pat kapab egzije-l

1987: Bare Bork ACLU, adopte netralite kòm prinsip jeneral li konsènan moun ki kandida pou la Kou Siprèm, monte yon kanpay kont nominasyon Jij Robert Bork. ACLU di: "Bork se yon danje pou libète fondamantal ke Deklarasyon Dwa garanti, e ról ke Tribinal Siprèm genyen pou gade dwa sa yo.

1989: Boule Drapo La Kou Siprèm nan peyi Etazini anile nan Texas yon lwa ki pini moun ki blasfeme drapo a, ke Jistis yo te dekri kou you fòm de diskou politik ke Premye Amandman pwoteje. Chanm Depite-a vin pase ajoute yon lòt Lwa nan konstitisyon an ki egzije pinisyon-pou "pwoteje" drapo a. ACLU te pwoteste, avèti Congrè ke yon lwa konsa ta antere an patan sa Drapo-a reprezante. Nou pote la viktwa nan chanm Senatè yo.

1989: Retou Ekstremis yo Avèk gran sipò ke libète sivil la tap pran nan nivo Federal, ekstremis yo te wè opòtinite pou kòmanse òganize yo. ACLU te kontrekare efò ke direksyon depatman Edikasyon ke ekstremis yo tap domine pou inpoze progwam sektè, e konfronte tout yon varyete de kontradiksyon, anti-chwa pou fanm genbe pitit ou non, kont pederas pou kòmanse vote.

1995: Remèd pou geri tout kalite diskriminasyon (Affirmative Action) Nan kongrè ya, nan anvironman la près la, nan milyie opinion piblik la, ACLU te travay pou opoze tout reaksyon prese ki tap pran kont tout remèd pozitif ki ofri pou fini ak pwoblèm diskriminasyon an nèt ale, epi pou realize sitwayènè total pou tout Ameriken. ACLU te mete anpil aksan sou bezwen ki genyen pou derasine diskriminasyon nan tout institisyon nan sosyete ya, epi mete aksan sou valè ke Aksyon Positiv genyen kou yon instriman de jistis, egalite.e enklizyon

Jodia: Rete nan Kous la ACLU konfronte tout sòt de menas tanto se nan men tradisyonèl yo osinon nan men moun ki reprezante you nouvo menas pou libète sivil nan plizyè sikonstans. Nouvo teknoloji enfòmasyon an ofri anpil opòtinite pou libète pou moun eksprime panse yo men an menm tan reprezante yon danje pou Dwa zafè prive moun. Entretan, pwoblèm ki pi difisil pou korije se ansyen konsepsyon kèk moun genyen sou rasis, sex, omofobia, entolerans relijye, restriksyon pou moun pale. Misyon ACLU rete menm bagay: realize promès Deklarasyon Dwa pou tout moun e travay pou fè garanti ke li promèt vin pi gran nan anpil lòt domèn.

KOMAN ACLU AKSEPTÉ KA

Anpil moun toujou ap mande ACLU " Pouki sa ou chwazi pou te defann moun sa oubyen gwoup- sa-a, Nazi Ameriken yo, Ku Klux Klan, Nasyon Islamik la?" Repons nou se toujou "ACLU defann *dwa tout moun e tout gwoup* pou di sa yo panse, men se *pa sa moun nan di-a* ou panse-a ke ACLU ap defann. Listwa menm montre ke tout moun ki gen opinyon diferan oubyen ekstrèm se moun sa-a yo ki pi viktim de violasyon dwa yo

ACLU kwè ke yon fwa ke yo kite gouvènman itilize pouvwa yo pou viole dwa yon sèl moun, li ka itilize menm pouvwa sa kont tout moun - se sak fè nou travay pou anpeche destriksyon libète sivil la avan li tro ta. Paske nou pa ka pran tout ka ki vini nan ofis la, avoka nou yo chwazi ka ki va genyen pi gro inpak, ka ki gen plis posiblite pou sèvi kou yon modèl pou fè libète pou tout Ameriken vin pi fò.

KOMAN ACLU TRAVAY

ACLU, ofis avoka ki pi gran nan tout nasyon an kap travay pou interè piblik la, se group ofis yo ki nan 50 Eta nan peyi Etazini ki ap opere pou kont yo. Yon group dirèktè nasyonal fè règleman pou ofis yo - pandan ke yon lòt ofis nasyonal nan New York la mete tout travay yo ansanm - asiste pa yon ofis lejislativ nan Washington pou eseye pès Wade manm Congrè yo pou vote pou oubyen kont yon lwa ke yo ta renmen fè pase e yon depatman nan New York kap sipèvizite litigasyon nan La Kou Siprèm. Tout yon varyete de lòt pwojè nasyonal ki adrese sèlman pwoblèm libète sivil la tankou: Sida, pinisyon kapital, dwa madivènèz, dwa gason makomè, dwa imigran yo, dwa prizonye yo, libète pou fanm fè avòtman si yo ta vle, dwa vote, dwa fanm, e dwa nan travay.

Plis ke 60 avoka nan tout peyi ya kolabore avèk plis ke 2,000 lòt avoka kap fè travay volontè pou travay sou plis ke 6,000 ka chak ane. ACLU prezante devan la Kou Siprèm plis ke tout lòt òganizasyon ekseptè Depatman Jistis.

Se òganizasyon ak moun ki sipòte travay ACLU ap fè ki bay lajan pou ede ofis la rete louvri, plis lòt lajan ke yo resevwa chak ane pou tarif nan men manm. Nou pa resevwa lajan nan men gouvènman pou fè travay sa.

Si ou kwè ke yo viole libète sivil oubyen si ou vle vin jwen ACLU, kontakte biwo ACLU ki nan peyi kote w-ap viv la nan bouk telefòn. Ou kapab kontakte osinon fè-w manm ACLU pa mwayen konmpitè. Biltin infòmasyon, chak yon diferan trete yon pwoblèm libète sivil ke ou kapap jwen nan Depatman Edikasyon Piblik, oubyen nan ofis nasyonal ACLU nan New York.

ACLU of Florida
4500 Biscayne Blvd. Suite 340
Miami, FL 33137
(305) 576-2336 aclufi@aclufl.org
www.aclufl.org
www.aclufl.org/kreyol